

Dekouvri avantaj yo. Fason pa m pou m santi m pi byen.

Enskripsyon Chak Ane a ap fèt soti **14 Oktòb–10 Novanm**



Gade kisa ki nouvo, fè chanjman, oswa enskri
pou avantaj nan One.Walmart.com/AE.



Byenvini nan Enskripsyon ki fèt Chak Ane a!

Sa se yon opòtinite ou genyen yon fwa pa ane pou chwazi yon bon plan pou bezwen espesifik nan kesyon sante. Epitou, se bon moman pou aprann sou avantaj ki konsantre sou avantaj, kalite ak sekirite finansyè. An nou gade:



Dekouvri swen sante vityèl si w enskri nan plan medikal Walmart.*

- **\$0 pou swen primè vityèl ak swen ijan, ansanm ak vizit pou sante mantal**, atravè Doktè sou Demann (Doctor On Demand) se Included Health ki ofri l.
- **\$0 pou yon sipò vityèl sou sante dijestif.**
- **Terapi fizik vityèl** nan fason ki bon pou ou.
- **NOUVO!** Ou ap gen opsyon pou w fè kèk **travay laboratwa** debaz pandan w alèz lakay ou nan lane 2024.

*Nou ofri swen sante vityèl pou patisipan ki enskri nan plan Premier, Contribution, Saver, oswa Lokal. Si w fenk enskri nan youn nan plan sa yo pandan Enskripsyon pou Ane a, pwoteksyon ou an ap kòmanse 1ye Janvyè 2024.



Vwayaje pou jwenn pi bon aksè ak swen.

Si plan oswa tretman ou bezwen an pa disponib nan distans 100 miles, Avantaj Vwayaj Walmart kapab ede w. Avantaj pou vwayaj la disponib pou patisipan yo nan pifò plan medikal. Pou jwenn plis enfòmasyon rele nan nimewo ki nan do kat Idantifikasyon (ID) pou plan ou an.



Jwenn sipò lajan sou yon peryòd ki long lè ou pa kapab travay ankò.

Kijan ou pral fè peye fakti yo si w vin malad oswa blese grav? Pwoteksyon pou andikap sou yon peryòd ki long kapab pran plas avantaj andikap sou yon peryòd ki kout, pandan l ap ba ou yon sipò finansye lè ou pa kapab travay pandan mwa, oswa menm pandan ane akòz maladi oswa blesi. Jwenn enfòmasyon sou opsyon, kalifikasyon pou avantaj, ak fason pou w enskri sou One.Walmart.com/LTD.



Eskane pou w
ka kòmanse.

Enskripsyon Chak Ane
14 Oktòb–10 Novanm



Plis avantaj pou ede ou jwenn fason pou w santi w pi byen.



Asistan Pou Swen Sante Pèsonèl ou pare pou ede.

Si w bezwen jwenn yon doktè, ou kapab jwenn yon dezyèm opinyon, oswa kalkile fakti medikal pou pifò plan yo, **Asistan pou Swen Sante Pèsonèl** ou an kapab ede. Ou kapab jwenn aksè ak yon lis pèsonèl swen kalite nan zòn ou an. Jwenn plis enfòmasyon sou [IncludedHealth.com/Walmart](https://www.includedhealth.com/Walmart).



Yon aksè ki fasil ak swen vityèl.

Li vin pi fasil pou vin pi an sante gras ak **avantaj pou swen sante vityèl yo**. Apati 14 oktòb, pifò plan medikal yo ap gen aksè ak swen vityèl ladan yo. Ou kapab konekte ak yon doktè yon fason vityèl pou w jwenn swen primè, ak pou bezwen pou sante mantal. Epitou, w ap gen aksè ak sipò pou sante dijestif ak terapi fizik. Apati 1ye janvyè 2024, ou kapab menm fè kèk travay nan laboratwa pandan ou byen alèz lakay ou. Pifò sèvis sa yo disponib gratis pou ou avèk pifò plan medikal yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon ale sou [One.Walmart.com/VirtualCare](https://www.one.walmart.com/virtualcare).



Sante mantal ou gen enpòtans.

Konekte avèk **resous pou sante mantal konfidansyèl**, tankou zouti pou swen pèsonèl dijital, seyans konsèy an pèsòn oswa vityèl, ak seyans konsèy pou sante mantal vityèl. Sèvis sa yo disponib pou ou ak pou fanmi w depi premye jou w kòm asosye Walmart epi sa ap gratis. Rele [800-825-3555](tel:800-825-3555) oswa ale sou [Walmart.LyraHealth.com](https://www.walmart.lyrahealth.com) pou w gen aksè ak sipò epi swen 24 sou 24 ak 7 jou sou 7.



Fason pou m ekonomize pou m gen yon pi bon fiti.

Retrèt ou kapab parèt lwen, men ou kapab kòmanse kontribiye nan **Walmart 401(k) Plan** jodi a. Depi w vin yon moun ki kalifye pou yon alokasyon, Walmart ap bay yon alokasyon pou chak dola ou kontribiye, ki rive jiska 6% ak salè ou kalifye a. Pi bonè ou kòmanse, se plis ou kapab gen aksè ak retrèt lè ou bezwen l. Jwenn plis enfòmasyon sou [One.Walmart.com/401k](https://www.one.walmart.com/401k) oswa [Benefits.ml.com](https://www.benefits.ml.com).



Plan medikal

Swen pratik ki adapte ak lavi w.

Kopèman senp.

Avèk **Premier Plan**, ou pral peye pou vizit doktè avèk kopèman senp: \$35 pou kopèman senp ak sante mantal, \$75 pou espesyalis ak swen ijan. Nan kèk rejyon, kopèman senp yo disponib sèlman lè ou wè ou wè yon founisè ou pi pito. Jwenn plis enfòmasyon sou One.Walmart.com/Premier.

Walmart dola (Walmart dollars) pou ede w avèk frè yo.

Contribution Plan gen ladan l Walmart dola (Walmart dollars) pou ede w peye pou swen anvan ou jwenn dediktib ou an: \$250 si w gen pwoteksyon pou tèt ou, oswa \$500 pwoteksyon pou fanmi w. Jwenn plis enfòmasyon sou One.Walmart.com/Contribution.

Ou kapab gen yon kontribisyon pou fiti w.

Avèk **Plan Saver (Saver Plan)** nou an, ou kapab ouvè yon Kont Epay Sante (Health Savings Account, HSA). Kont sa a ou kreye a se yon fason pou mete sou kote yon pati nan lajan ou ap touche a anvan yo pran taks pou kouvri frè pou swen ou yo. Walmart ap kontribiyè nan HSA ou a tou, sa ki ap ede ou ekonomize plis. Jwenn plis enfòmasyon sou One.Walmart.com/Saver.

Rete nan zòn ou.

Selon kote ou ap travay, ou kapab gen plis opsyon pou w chwazi tankou **HMOs**, **PPO Plan**, oswa yon **Local Plan** ki kapab ekonomize lajan epi pèmèt li pi fasil pou jwenn swen. Jwenn plis enfòmasyon sou One.Walmart.com/AE.

Pifò plan genyen:

- \$0 pou vizit doktè vityèl avèk Doctor On Demand Included Health pote a
- 100% pwoteksyon* pou kèk maladi grav atravè sant pou pwogram Ekselans Walmart la (Walmart Centers of Excellence program)
- \$300 kopèman depatman ijans, plis dediktib
- \$4 kopèman pou medikaman jenerik yo
- Tout plan yo ofri 100% kouvèti pou swen preventif

*Patisipan ki enskri nan Saver Plan dwe reponn ak dediktib pou rezon anyèl la anvan plan an peye nenpòt avantaj.

Plis pase yon plan medikal.

Avantaj Walmart ou a ale pi lwen pase plan medikal ou a. Ou gen plizyè fason pou w viv pi byen, soti nan pwoteksyon pou vizyon ak pou dan rive nan asirans lavi, 401(k), epi menm yon diplòm sekondè oswa lisans inivèsite.

Swen gwo kalite pou maladi ki konplèks.

Si ou ap travèse yon gwo pwoblèm, tankou operasyon, kansè, oswa swen pou fètilite, ou vle pi bon tretman ki posib. Pwogram **Sant Ekselans Walmart** la ba w aksè ak kèk pi bon espesyalis ak etablisman nan peyi a, epi yo ba ou pwoteksyon pou plizyè maladi gratis avèk pifò plan medikal yo. Ale sou One.Walmart.com/COE pou w jwenn plis enfòmasyon.

Ou gen kesyon?

Jwenn repons yo. Pou w jwenn èd pou enskripsyon oswa si w gen kesyon sou avantaj yo, rele Sèvis pou Moun yo nan [800-421-1362](tel:800-421-1362) oswa jwenn èd sou One.Walmart.com/BenefitsChat.



Jwenn plis enfòmasyon epi enskri nan

One.Walmart.com/AE

Dokiman sa yo pa kreye yon kontra travay eksplisit oswa enplisit oswa nenpòt lòt angajman kontraktiyèl. Travay nan Walmart fèt sou yon baz volontè, sa ki vle di Walmart oswa kolaboratè li a lib pou kanpe relasyon travay la nenpòt kilè pou nenpòt rezon oswa pou okenn rezon, dapre lwa ki aplikab la. Walmart ka modifiye avantaj li ofri kolaboratè yo oswa chanje kontribisyon kolaboratè a pou avantaj li chwazi, selon diskresyon l san li pa bay yon avi, nenpòt kilè, dapre lwa ki aplikab la. Tout avantaj yo dwe soumèt ak tèm ak kondisyon dokiman kontwòl la ki ap kontwole nan ka kote gen yon konfli. Gade nan [Liv Pou Avantaj Kolaboratè](#) pou jwenn detay espesifik.

©2023 Walmart Inc.

Enskripsyon Chak Ane
14 Oktòb–10 Novanm





Men kèk lòt pwen...

Men kèk dokiman legal enpòtan k ap ede w konnen plis sou dwa w nan Plan an antanke yon patisipan.

Ou ta dwe pataje nòt sa yo ansanm ak nenpòt manm fanmi ou ki asire ak ou nan plan an. Si yo p ap viv menm kote ak ou, ou kapab mande pou yo voye nòt sa yo nan adrès lakay yo. Ou menm ak manm fanmi w kapab mande pou jwenn yon kopi papyè avi sa a tou gratis pandan ou ap rele Sèvis pou Moun nan **800-421-1362**.

Patisipan Nan Plan An Gen Valè

ASSOCIATES' HEALTH AK WELFARE PLAN (AHWP) RESPEKTE DIYITE CHAK GRENN MOUN KI PATISIPE NAN PLAN AN.

AHWP pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, laj, oswa andikap epi li entèdi yon fason ki estrik pou gen vanjans ki fèt kont nenpòt moun ki depoze yon plent pou diskriminasyon. Anplis, nou kontan bay patisipan nou yo asistans nan lang ak aparèy oswa sèvis pou yo tandè, ansanm ak lòt sèvis gratis. Ou enpòtan anpil pou nou kòm patisipan epi satisfaksyon ou enpòtan pou nou.

Si ou bezwen asistans oswa ou gen enkyetid ak sèvis Plan ou a, tanpri rele nimewo ki sou do kat ID plan ou a. Si ou gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, tanpri itilize youn nan metòd yo ki anba a pou nou sèvi ou pi byen.

عربي
خدمات الترجمة الفورية متاحة دون تكلفة. 1-800-421-1362

မြန်မာ
စကားပြန်ဝန်ဆောင်မှုများကို အခမဲ့ ရရှိနိုင်ပါသည်။ 1-800-421-1362

汉语普通话
翻译服务免费提供。1-800-421-1362.

فارسی
خدمات مترجم بدون هیچ هزینه ای در دسترس می باشد. 1-800-421-1362

Français
Des services d'interprètes sont disponibles sans frais.
1-800-421-1362.

Gen sèvis entèprèt ki disponib gratis nan lang kreyòl ayisyen.
1-800-421-1362.

日本人
通訳サービスは無料でご利用いただけます。1-800-421-1362.

한국어
통역 서비스를 무료로 이용하실 수 있습니다. 1-800-421-1362.

Polski
Usługi tłumacza dostępne są bez żadnych kosztów.
1-800-421-1362.

Disponiblite pou Revizyon Enfòmasyon Sante

Kòm yon kolaboratè, avantaj sante ou benefisye a reprezanteyon eleman enpòtan nan rejim konpansasyon w. Epi tou yo ba ou pwoteksyon enpòtan pou ou menm ak fanmi ou nan ka ta gen maladi oswa yon domaj.

Plan ou a ofri yon seri opsyon pwoteksyon asirans sante. Chwazi yon asirans pou sante ou se yon desizyon enpòtan. Pou ede ou fè yon bon chwa, plan an gen yon Revizyon Enfòmasyon Sante ak Kouvèti [Summary of Benefits and Coverage (SBC)], ki fè yon rezime sou enfòmasyon enpòtan sou nenpòt opsyon kouvèti nan yon fòm estanda, pou ede ou konpare diferan opsyon yo. SBC a disponib sou One.Walmart.com/Health. Epitou, gen yon kopi papyè ki disponib, san w pa peye anyen, pandan w ap rele nan [800-421-1362](tel:1-800-421-1362).

Pou asistans, rele nimewo ki sou do kat ID plan ou an.

Pou jwenn enfòmasyon sou pwosesis plent lan oswa sou fason pou itilize l, kontakte Sèvis pou Moun lan nan [1-800-421-1362](tel:1-800-421-1362)

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon, kontakte Depatman Ameriken pou Sante ak Sèvis pou Moun, Biwo pou Dwa Sivil:

- **Telefòn:** 1-800-368-1019 oswa 1-800-537-7697 (TDD)
- **Sit entènèt:** https://ocrportal.hhs.gov/ocr/cp/wizard_cp.jsf
- **Imèl:** OCRComplaint@hhs.gov

Gen sèvis entèpretasyon ki disponib gratis. [1-800-421-1362](tel:1-800-421-1362)

Português (Brasil)
Serviços de interprete estão disponíveis grátis. 1-800-421-1362.

ਪੰਜਾਬੀ
ਦੇਭਾਸ਼ੀਆ ਸੇਵਾਵਾਂ ਮੁਫ਼ਤ ਉਪਲਬਧ ਹਨ। 1-800-421-1362.

Română
Serviciile de interpretariat sunt disponibile gratuit. 1-800-421-1362.

Русский
Переводческие Услуги оказываются бесплатно. 1-800-421-1362.

Af-Soomaali
Adeegyada Turjumaanka waxaa lagu heli karaa kharash la'aan.
1-800-421-1362.

Español
Los servicios de interpretación están disponibles de manera gratuita. 1-800-421-1362.

Kiswahili
Huduma za tafsiri zipo bila malipo. 1-800-421-1362.

Tiếng Việt
Dịch Vụ Thông Dịch có sẵn miễn phí. 1-800-421-1362.

Lwa Sou Dwa Sante ak Kansè Pou Fanm

Jan yo mande l nan Lwa 1998 Sou Dwa Sante ak Kansè Pou Fanm (Women's Health and Cancer Rights Act, WHCRA), plan medikal Walmart ofri a bay pwoteksyon pou:

1. Tout etap rekonstriksyon sen an kote yo te fè yon mastekomi;
2. Operasyon ak rekonstriksyon lòt tete a pou yo tou de parèt menm; epi
3. Pwotèz ak konplikasyon fizik mastekomi, tankou lenfodèm (anfle), nan yon fason ki detèmine nan konsiltasyon ak doktè k ap bay pasyan an swen ak pasyan an.

Gen kèk pwoteksyon ki kapab mande yon dediktib pou ane a ak dediksyon ko-asirans yo jije ki apwopriye epi ki konpatib avèk sa ki etabli pou lòt avantaj yo nan kad plan oswa pwoteksyon an. Yo kapab bay pasyan an yon avi alekri sou disponiblite pwoteksyon an lè li ap enskri epi apresa y ap ba li l chak ane.